Ассаламу гӀалайкум!

ЗахӀмат бихьичӀого, рахӀат бокьарас,
БекьичӀого, лъилъе, нилъ гьечӀого, хур.
Инхоса ПалиӀ-хӀажи



www. mo-gumbet.ru
Газета бахъизе байбихьана 1952 с.

# Гумбет

Гумбет районалъул газета

№ 33 (6613) 13 август 2018 с. Итни ЗулхӀижа 1439 с. Багъа 5 гъур.

БАРКИЯЛ

## БакӀал ралезул къо

**ХӀурматиял районалъул киналго бутӀабазул бакӀал ралел! Баркула нужеда бакӀал ралезул къо.**

Нужер свак гьечӀеб захӀматалдалъун, махщалидалъун ахирал соназда нилъер районалдаги церетӀуна бакӀалрай. Щибаб росулъ цӀикӀкӀунел руго гӀадамаз ралел жалго бетӀергьанал, гьанже заманалъул санагӀатал минаби.

РакӀчӀараб буго районалда бакӀалрай хадубккунги цебетӀезе букӀиналда ва бакӀал ралез район экономикиябгун социалияб рахъалъ цебетӀезабиялъулъ мустахӀикъаб бутӀа лъезе букӀиналда.

Гьарула нужее щулияб сахлъи, халатаб гӀумру, хӀалтӀулъ бергьенлъаби.

**«Гумбет район» муниципалияб районалъул бетӀер**
**ХӀажимурад МухӀамадов**

## 12 август – Халкъазда гьоркьосеб гӀолилазул къо

**Щибаб соналъ 12 августалда кӀодо гьабула Халкъазда гьокьосеб гӀолилазул къо. Нилъер гӀолилаз гӀахьаллъи гьабулареб халкъияб магӀишаталъул бутӀа гьечӀо. Гьел хӀалтӀулел руго росдал магӀишаталдаги, сахлъи цӀуниялдаги, маданиял учрежденияздаги, лъайкьеялдаги, библиотекабаздаги, цогидал идарабаздаги.**

Киса-кибего гӀолилаз цебехъанлъи бихьизабулеб буго.

РакӀчӀараб буго гӀолилаз хадубккунги хӀалтӀулъ мисал бихьизабизе букӀиналда.

РакӀ-ракӀалъ баркула гӀолилазда Халкъазда гьоркьосеб гӀолилазул къо. Гьарула икъбал, талихӀ, рохел, хӀалтӀулъ, цӀалулъ бергьенлъаби.

**«Гумбет район» муниципалияб районалъул бетӀер**
**ХӀажимурад МухӀамадов**

НОМЕРАЛДА РУГО:



Гьалдолеб август
-2 гьум.



ЦӀияб Данухъ: физкультурникасул къо
-2 гьум.



Ветсправка гьечӀого, гьанги, хӀанги, нахги росуге!
-3 гьум.



Риидал цӀер чӀвалеб ЦӀоболгохӀалда…
-3 гьум.

ЧӀАЛДА МОХМОХ БИЦЦАЛЪАГИ

## Росдал магӀишат – улкаялъул чехьги мугъги

### Бакълъулазул районалъул вакилзабаз гӀахьаллъи гьабуна «АПК цебетӀей» стратегиялъулаб данделъиялда

**4 августалда, Бакълъулазул районалъул вакилзабаз гӀахьаллъи гьабуна Дагъистаналъул пачалихъияб росдал магӀишаталъул университеталда тӀобитӀараб «Агропромышленнияб комплексалъе цебетӀей» стратегиялъулаб данделъиялда. Гьезда гьорлъ рукӀана «Гумбет район» муниципалияб районалъул бетӀерасул заместитель МухӀамад Хъарагишиев, районалъул экономикаялъул, росдал магӀишаталъул ва буголъиялъул гьоркьорлъабазул ва ЖКХялъул отделалъул нухмалъулев ХӀусен Мутаев, «Гумбетовская» машинабазулгун технологиялъул станциялъул директор Пахрудин ГӀалихӀажиев ва цогидалги.**

Данделъи рагьана Дагъистан Республикаялъул хӀукуматалъул председатель Артем Здуновас. Республикаялъул примьер – министрас бихьизабуна АПК цебетӀеялъе чара гьечӀого хӀажат букӀин жалго бетӀергьанаб производство гӀезаби, гӀатӀид гьабизе росдал магӀишаталъул продукция бичи, бихьизабуна экономика цебетӀезабиялъе хадубккунги гьабизесеб хӀалтӀи. Аграрияб тӀолго рахъазда бугеб ахӀвал-хӀалалъул бицун кӀалъазе вахъана ДРялъул росдал магӀишаталъул ва кванил нигӀматазул министр ГӀабдулмуслим ГӀабдулмуслимов.




«АПК цебетӀеялъе» тӀобитӀараб стратегиялъулаб данделъиялда халгьабуна гьеб цебетӀеялъе сабаблъун бугеб анлъго суалалъул: цӀолбохъанлъи, гӀибоцӀухъанлъи гӀезабиялъул, АПКялъул техникиябгун технологиялъулаб модернизация цӀуниялъул, качественнияб продукция гӀезабиялъул материал цӀуниялъул ва хӀалтӀизабиялъул, хъаравуллъи гьабиялъул, ракь лъалъаялъул.

«2035 соналде щвезегӀан ДРялъул АПК социалиябгун экономикияб цебетӀеялъе стратегия гӀуцӀизе буго анлъабго хӀалтӀулаб комиссиялъ гьабураб хӀукмуялда рекъон», - ян абуна ХӀусен Мутаевас.

**«Гумбет» РИО**

БАКЪЛЪУЛАЗУЛ АНКЬ

## Сиял, цӀорорал нохъал, щулалъаби, музеял…

### Бакълъулазул районалда гьоркьоб лъуна туризм цебетӀеялъул суал

**6 августалда Бакълъулазул районалъул администрациялда тӀобитӀараб данделъиялда гьоркьор лъуна туризм цебетӀезабиялъул, гӀадамал гьоркьоса къотӀичӀого лъедалъун хьезариялъул ва росабалъе газ бачиналъул хӀакъалъулъ суалал.**

Данделъиялда гӀахьаллъи гьабуна федералиял, республикаялъулал, муниципалиял идарабазул вакилзабаз. Данделъи рагьана ва бачана «Гумбет район» муниципалияб районалъул бетӀерасул заместитель МухӀамад Хъарагишиевас.



«Сельсовет "Мехельтинский"» росдал поселениялъул администрациялъул бетӀер МухӀамад ГӀабдунасировас абуна чвахун рарал цӀадаз росулъ нухал хвезарунин. Гьелъул хӀасилалда гьаб анкьалда росулъ батӀибатӀиял участкабазда нухал, лъел мухъал рацӀцӀад гьарунин.

Районалъул администрациялъул бакӀал раялъул ва архитектураялъул рахъалъ бетӀерав специалист ХӀажимурад АхӀмаднабиевас бицана росабалъе газ бачиналъул рахъалъ гьабулеб бугеб хӀалтӀул.

(Ахир - 2 аб. гьбумер)

Масала, гІакъилас гІадан теларо,
Тушман вугониги, гІадада хвезе.

Инхоса ПІали-хІажи



ЛЪУГЪА-БАХЪИНАЛ, ЦІЕХ-РЕХАЛ

# ГЪалдолеб август

**Камиялги бергьенлъабиги**

**Араб анкьалдаги дунял бакьалда сверун тирана, нилъер гІумруялъулъ хиса-басиял ккана. Дагъистаналъул, магІарул халкъалъул къисматалда хъинтІулел ишал рукІана. «Дун лъилъун бахъараб хур гІадин вуго»,– ян хъван букІана цо гІакъилас. Гьединго буго нилъер республикаги. Дагъистаналда хІалтІулел руго цІех-рехчагІи, гьез рагъулел руго гІемерал такъсирал. Улкаялдаго гьечІеб бацІцІалъи гьаниб букІинабилилан лъугьун руго цо-цоял. Республикаялъул вице-премьерлъун вукІарав Билал ГІумаровасда тІад диван гьабизе байбихьулеб буго. 11 миллион гъурущалъ улкаялъе зарал гьабунилан гІайиб гІунтІизабулеб буго гьесде. Гьединал халгьабиял ва ишал анцІ-анцІ, нус-нус руго.**

### Августалъул бухІи

**20 соналъ цеве 21-абилеб августалда зулмучагІазул квералдасан къадаралде щвана Дагъистаналъул муфти СайІидмухІаммад-хІажи Абубакаров. Гьесул эмен, машгьурав динияв хІаракатчи, тохтур, профессор ХасмухІаммад-хІажи Абубакаровас гьал мухьазул авторасулгун букІараб гарачІвариялда абун букІана вас чІваялда нахъа тІадчагІи ругилан… Анлъго соналъ цеве 28 августалда камуна машгьурав динияв хІаракатчи ЧІикІаса СагІид-апанди.**

179 соналъ цебе августалда Шамил имамас рехун тезе ккана АхІулгохІ. 159 соналъ цебе 25 августалда ГъуниБ магІарда Кавказалъул халкъаз эркенлъиялъе гІоло гьабулеб къеркьеялъе ахир лъуна.

19 соналъ цебе августалда Дагъистаналде гъужумал гьаруна халкъазда гьоркьосел террористаз. Гьанжеги лъугІун гьечІо гьеб рагъ багъарарал хъачагъазул ишазул цІехрехал гьарун ва кьун гьечІо гьезие кьанунияб гун инсаниялъулаб кьимат. Жеги халатрахъунел руго гьел террористазул такъсирал кьватІир чІвазариялъул хІалтІаби. Гьал кьоязда цІех-рех гьабун бахъана 1999 соналда Дагъистаналде тІаде кІанцІарал Марат Даутовасул, Дамир Мухатдиновасул, Руслан Аджибрагимовасул ва Батырбек Бакиевасул ишалъул. «Коммерсантъ» басмаялъ хъвалеб буго Басаевасул ва Хаттабил хъачагъазда гьоркьоб букІараб «Нугъаязул батальоналъул» террористал кколин гьелилан. 1999 соналда Болъихъ ва ЦІумада районазда тІаде кІанцІарал хъачагъазул 71 террорист туснахъалда тІамун вуго, 28 чабхъадулав жеги валагьулев вуго. «Нугъаязул батальоналдаса» 60 хъачагъ хасал операциязда тІагІинавун вуго. 1999 соналъул 7-24 августалда Болъихъ ва ЦІумада районазде азаридаса цІикІкІун хъачагъ тІаде кІанцІанин ва гьеб рагъда 33 аскарияв чІванилан баянал кьолел руго низам цІунулел идарабаз ва цІех-рехалъул гІуцІабаз.

АнцІго соналъ цебе августалда Кавказалда цІидасанги рагъ багъарана – Югалъулаб Осетиялда тІаде кІанцІана Михаил Саакашвилица нухмалъи гьабулеб Грузия ва байбихьана «Щуго кьоялъул рагъ».

### Трампил Путинихъе кагъат, пенсиязул суал – референдумалде, мекъи ккараб НАТО-ялъул ракета...

Россиялда ахІвал-хІал кутакалда лъикІ бугилан абуни, гьереси букІина. Пачалихъалда цере чІун руго чІахІи-чІахІиял суалал ва цІияб заманалъул кІалгъикъиял, тІурачІого рес гьечІел гІузраби. БакъттІерхьул улкабаздаса, НАТОялдаса рагъулаб рахьалъ нахъеккезе чІеларилан, цІидасанги «цІвабзазул къеркьей» ва ярагъ гьабиялъул рахьалъ къец руго сиясаталъул цебесеб кьерде рачІун. США-ялъул Конгрессалъ ва тІалъиялъ нахъаса кьотІичІого Россиялъул экономикаялда зарал щущезарулел руго, цІи-цІияй санкциялги рахьун. Гьеб киналъулго хІасилалда микьабилеб августалда гъурущ учузлъана, 2016 соналда букІараб даражаялде ккана, доллаалъухъ – 65 ва евролъухъ 76 гъурущ буго гьал кьояз.

Россиялъулги США-ялъулги гьоркьорлъаби лъикІлъизаризе кколилан абураб кагъат битІун буго Дональд Трампица Владимир Путинихъе. Телефоналъ кІалъан тІубалеб масъала букІинчІеб куц буго гьеб. Кагътидаса хадур жеги цІикІкІуна санкциял.

Россиялда пенсиязул ригь борхизабиялъул суалъул рахьалъ референдум тІобитІизе бугин абулеб буго. Улкаялъул ЦИКалъ гьелъие ихтиярги кьуна. Эстониялъул зодоб гвангъун буго Испаниялъул рагъулаб ракета. Гьеб мекъи ккун кьвагъун араб жо бугилан руго НАТОялъулал. Россиялъул гІорхьода гьединал ишал ккеялъ рахІатхвезабуралги руго. Ракета билулеб НАТО, рагъде иш ккани, пайдаго гьечІеб гІуцІи батилилан релъа-рохун баянал кьолел Россиялъул МИДалъул вакилзабиги руго. Улкаялъул Северияб флоталъул рагъулал гуми Ла-Манш кьотІун лъодолел руго.



### Анкьго школа, коррупция, нухмалъулел рищи...

2018-2019 цІалул соналде хІадурлъулеб буго Дагъистан. Республикаялъул премьер Артем Здуновас гьеб суал гьоркьоб лъураб хасаб данделъиги тІобитІана. ГІемерал соназ бан лъугІинчІого букІараб анкьго школалъ тІоцебесеб сентябралда нуцІби рагьизе ругилан баян кьолеб буго. Гьединго, Дагъистаналъул гьанжесеб тІалъиялъ халкъалде хитІаб гьабуна, такъсирчилъи, ришватчилъи, коррупция къезаризе цадахъ рекъон хІалтІизе рачІаян. Гьеб мурадалда гІуцІараб хасаб планги буго.

Июль-август моцІазда республикаялда тІобитІулеб буго «Дир Дагъистан» абураб, Расул ХІамзатовас машгьур гьабураб цІаралда гьоркь нухмалъулел рищулеб, хъулухъчагІазул нахърател гІуцІулеб къец, конкурс. Гьенибе гІарза кьун буго 11 азаргоялдаса цІикІкІун чияс. Гьезул 6150 чи ворчІун вуго кІиабилеб бутІаялде – тестазе жавабал кьолеб тадбиралде. Гьезулги кІинусго чи ворчІулев вуго финалалде ва гьел рикІкІине руго хІалтІухъабазул, нухмалъулезул нахърателлъун. Заманаялъ бихьизабила гьеб къец ритІухъаб ва Дагъистаналъе пайдаяб лъугьарабищали.

Дагъистанияп руго, тату хун, ракІ унтун, Каспийскалда йиларай микьго сон барай Калимат ГІумарова ялагьулей. Аллагьас квербакъи гьабеги гьей ялагьулезе ва гьеб хІалуцараб ахІвал-хІал гІодоцине, сах-саламатго, къварилъи ккечІого, гьей гьитІинай яс ятизе хъван батаги. Амин.

### Танк ва эркенаб гугари

2018 соналъул 3-5 августалда Москва областалъул Одинцово шагьаралда тІобитІана эркенаб гурагиялъул рахьалъ Россиялъул чемпионат. Гьениб мухІканаб бергьенлъи босана Дагъистаналъул командаялъ. Республикаялъул эркенаб гугариялъул рахьалъ тІаса бищараб командаялъул капитан, Олимпиялъул чемпион ГІабдулрашид СагІадулаевас 97 килограммалъул цІияб цІайиялда щибаб речІчІиялда бихьизабуна кІудияб гьунар, махщел ва гуч. Финалалда гьев дандчІвана Европаялъул чемпион, Северияб Осетиялдаса спортсмен Владислав Байцаевгун. 8:1 хІасилалда, кьучІаб, щаклъи гьечІеб бергьенлъи босана СагІадулаевас. Гьединго меседил медалал щвана дагъистаниял Завур Угуевасе (57 кг), МухІамадрасул Идрисовасе (61 кг), АхІмад Чакаевасе (65 кг), МухІамадрасул ГъазимухІамадовасе (70 кг), АхІмад ХІажимухІамадовасе (79 кг) ва Даурен Куруглиевасе (86 кг). ЦІайиялъул ичІго категориялда, даражаялда анкьго меседил медаль Дагъистаналъ босана. ГІаммаб куцалда 16 медаль щун буго нилъер республикаялъул командаялъе – анкьго «месед», кІиго «гІарац» ва анкьго «мазгар».

«Миллат» казияталъул редколлегиялъул рахьалдасан баркула Дагъистаналъул гугарухъабазда гьел тІадегІанал бергьенлъаби ва гьарула хадурккунги жеги кІудияй спорталъул тІогьал квегъизе тавпикъ.

**ГІизудинил ХІамзат**

# Сиял, цІорорал нохъал, щулалъаби, музеял...

**(Байбихьи - тІоцебесеб гьумер)**

Районалъул администрациялъул культураялъул ва туризмалъул отделалъул нухмалъулесул заместитель МухІамад ГІумардибировас бицана Бакълъулазул районалда туризм цебетІезабиялъул хІакъалъулъ бугеб хІалалъул. Районалда буго тІабигІаталъул 9 туристазулал объектал ва памятникал. Туристазулал маршрутал церетІеялъе нижеца гьел бакІазул материалал ва баянал ракІарулел ругилан.

Лъайкьеялъул, физическияб культураялъул ва спорталъул отделалъул нухмалъулев ХІайбула ГІабдурахІмановас бицана лъайкьеялъул отделалъул бутІаялда бугеб хІалалъул.

Бакълъулазул районалъул бетІерасул заместитель МухІамад Хъарагишиевас данделъиялъул хІасилал гьаруна, гьоркьор лъурал суалазда хурхун дандрекъон кколел тІадкъаял кьуна.

**Информациялъул «Гумбет» гІуцІи**

БАКЪЛЪУЛАЗУЛ РОСАБИ

# ЦІияб Данухъ: физкультурникасул къо

**Физкультурникасул кьоялда хурхун Бакълъулазул районалъул ЦІияб Данухъ росулъ тІобитІана спорталъулал тадбирал. Гьелда гІахьаллъана росдал школалъул цІалдохъаби ва гІолилал.**



Гьез хІана шашкаби, шахматал, спорталъулал расандаби ва батІи-батІияб физкультураялъул упражнениял.

**«Гумбет» РИО**

НИЖЕР ГАРА-ЧIВАРИ

## Ветсправка гьечIого, гьанги, хIанги, нахги росуге!

### Бащдаб лъагIалил хIасилал гьаруна

**«Гумбет» газеталъул хIалтIухъаналъул суалазе жавабал кьолел руго Бакълъулазул мухъалъул ветуправлениялъул бетIерав ветврач, ДРялъул мустахIикъав ветеринарияв врач СайгидмухIамад ГIабдулкъадировас.**



**- СайгидмухIамад, бокьилаан гьаб соналъул бащдаб лъагIалида жаниб районалъул ветеринарияб управлениялъул хIалтIухъабаз гьарурал хIалтIабазул бицани?**

- Гьаб соналъул бащдаб лъагIалида жаниб районалъул ветеринарияб управлениялъул хIалтIухъабаз магIарухъги хъутабаздаги бруцеллез бугищан халгьабуна 14000 бетIер чIегIербоцIул ва 6113 бетIер гIи-цIаназул. ГIи-цIаназул бруцеллез унти тIатинчIого. Амма боцIулъ ратана унтарал хIайванал. Гьел ратана МелъелтIа, Аргъвани, ЧIиркъатIа, Игьали, Килалъ, Чикь, Щабдухъ, ТIад Инхо росабалъ, гьединго ЦIунди-Щабдухъ, МелъелтIа, Аргъвани росабазул хъутабазда, «Мехельтинский» СПКялда. Гьеб боцIи батIа чIезабун тIагIине гьабуна.

Туберкулез бугищан халгьабуна 11021 чIегIербоцIул ва унти тIатинчIо. Гьаруна уколал сибиралъулаб язвалде данде 22926 бетIер чIегIербоцIуе, 106243 гIи-цIаназе. Ящуралде данде 33557 чIегIербоцIуе ва 158342 гIи-цIаназе. Бруцелезалде данде уколал гьаруна 11728 чIегIер боцIуе, 25436 лемагалъе, хIунсул унтиялде данде 12740, чанхъил унтиялде данде 14441 чIегIербоцIуе ва 56900 гIи-цIаназе.

**- Нужер тIалаб –агъазалда кигIан гIи-боцIи бугеб ва хъулухъалъе чан ветхIалтIухъан вугев?**

- ХIакъикъаталда нижер тIалаб гьабиялда буго 22 азарго чIегIербоцIи, 85 азарго гIи-цIани, 1300 гIанкIу-хIелеко, 3000 чу, 3500 найил тIала ва 350 гьой. Гьезие хъулухъалда вуго 28 ветеринарияв хIалтIухъан.

**- Роолил мучIдузде гIи гочин кин араб, гIемер тIаса ин кканищ?**

- Абизе бегьула исана роолил мучIдузде гIи гочин нухдасан квалквал ккечIого унта-щокъльи баккичIого ва тIаса ин ккечIого лъикI анин. Гочиналде гIи чурана, 1-2 нухалъ харил унтиялде данде укол гьабичIеб рехсен букIинчIо.

**- ХIалтIулъ захIмалъаби дандчIвалел ратила?**

- ЗахIмалъаби дандчIвалареб хIалтIи цониги букIунаро. Щаян абуни щибаб хIалтIул буго жидерго хаслъи ва гьеб бараб букIуна хIалтIуе ругел санагIалъабазда, росабазул бутIрузда, , СПКязул нухмалъулезда, гIи-боцIул бетIергьабазда. Гьел гIунгутIаби руго кидаго такрарлъулел.

ГьечIо росабалъ гIи-боцIул рикIкIун чIезабураб къадар ва мухIканаб хIисабсуал. Аргъвани, ЛъаратIа, ЦIилихь, Килалъ хутIун цогидал росабалъ гIибоцIуе уколал гьарулаго жанире гьолел базаби, раскола гьечIо. МелъелтIа гурони, цогидал росабалъ гьечIо хвараб гIи-боцIи рехулеб гвенд ва гьелда тIад гьабулеб хIалтIиги гьечIо.

Райцентралда ва кIудиял росабалъ гьечIо гIи-боцIул продуктаби ричулеб базар яги тукен. Дагъистаналда гьеб гьечIеб район цониги гьечIо нилъер гурони.

**- ВетхIалтIухъабазда церечIарал масъалаби ва щиб абизе бокьилеб районалъул захIмат чагIазде?**

- ВетхIалтIухъабаз тIасияб соналъ гIи-боцIи рокъоб букIаго, ихдал мегIергIалахалде иналде гьарун лъугIизаризе ккола сибиралъул язвалде, хIунсул унтиялде, тIурул унтиялде, ящуралде, щокърол, чанхъил унтиялде данде гIи-цIаназе уколал. Нагагь хехаб унти чIван хIайван унтани, яги хвани ветхIалтIухъанасда лъазабе ва гьес малъараб гьабе. Цебе ккараб бакIалдаса (ветеринарияб документ гьечIеб) гьан, хIан, нах босуге. Гьединго ветсправка гьечIого ва ветхIалтIухъанасда лъачIого хIайван босуге. Босани киса ва лъил босарабали хех ветхIалтIухъанасда лъазабе ва уколал гьаре. ВетхIалтIухъанас уколал гьаризе хIадурлъи гьабулаго, гьесие квекIен гьабичIого кумек гьабе.

**Гара-чIвари гьабуна**
**ГIайшат Исламбиевалъ**

САПАРАЛ

## Риидал цIер чIвалеб ЦIоболгохIалда...

### Бакълъулазул районалда туристал къабул гьариялъе шартIал гIуцIулел руго

**Бакълъулазул районалда туризм цебетIей, гьединго гIагараб ракьалъул къадру-къимат борхизаби ва районалдехун, республикаялда хIатта гьебтун къватIирехун ругел инвесторазул бербалагьи цIикIкIинабиялдехун, аслияб кIвар буссинабулеб буго Бакълъулазул районалъул администрациялъ.**

Гьелда бан, дагьал церегIан къоязда районалде хIалтIулаб сапаргун



рачIун рукIана РГВКаялъул «Дагъистан» телестудиялъул «туризмалъулаб Дагъистан» передача бачунел журналистазул къокъа. Гьез рахьана ва рихьизаруна тарихиял памятникал, тIабигIиял гIаламаталлъун кколел бакIал, гьединго туристаз кIвар буссине гьабизе бегьулел бакIазда видеоматериалал.

Гьалбал щвана Лъанлъари росулъ бугеб хъалаялде. Шавкъалда ралагьана ГIалибег Тахо-Годил цIаралда бугеб, Дагъистаналъул пачалихъияб музеялъул ЧIиркъатIа росулъ бугеб филиалалъул экспонатазухъ. ЦIилихь росдал ракьалде кколеб ЦIоболгохIда бугеб «ЦIорол каратI» абулеб нохъоялде жанире лъугьун, гIаламалъи гьабун хутIана июль – август моцIазцин биинчIеб цIералъухъ балагьун.

Туризмалъулал маршрутазда гьалбалгун цадахъ рукIана районалъул культураялъул ва туризмалъул отделалъул нухмалъулесул заместитель – МухIамад ГIумардибиров ва гьебго отделалъул специалист Гебек Гебеков ва цогидалги.

Бакълъулазул район бечедаб буго балагьаразе асар гьабулел бакIаздалъун, гьединго тарихиял памятниказдалъун. Хасгьабун абуни, ИчичIали росулъ гIасрабаз пахьул тIагIелал гьарулел устарзабазул цIарал жакьаги хIурматалда рехсола. Гьезул квераз гьарурал гулгуналгун гIертIал гIодор лъечIого росун унаан цо нилъер районалда гурел цогидал районаздаги.

Районалда ругел хъулби, некIсиял тIокъал-къватIал гурелги, руго гьединго ЦIаналъ росулъ рохьил талаялда тIабигIиял холодильникал, кавказалъул рагъул заманалъул Аргъвани росулъ кIиго – лъабго тIалаялъул хабалал. Гьебго заманаялъул – Килалъ росдада цебе бугеб РочIчIоб мегIер абулеб тIабигIияб хъала, гьел ругел цогидалги.

Нилъер ракьалдехун туристазул соналдаса соналде гьира балеб буго, - ян бицана МухIамад ГIумардибировас, -рачIунел руго батIи-батIиял регионаздаса туристал.

Бакълъулазул районалъул культураялъул отделалъул специалист Гебек Гебековас баян гьабуна, районалда туризмалъул хIалтIи цебе иналъе гIураб къадаралда шартIал гIуцIун ругин ва гIуцIулелги ругилан.

**Набигула АхIмадибиров,**
**Россиялъул халкъазул гIадатияб маданияталъул Гумбет районалъул централъул нухмалъулев**

БАКЪЛЪУЛАЗУЛ РОСАБИ

## МелъелтIа: мажлис

### МугIрузулаб территориалияб округалда вугев Дагъистаналъул Муфтияталъул вакил Магьди-хIажи ГIабидовас МелъелтIа росулъ вагIза гьабуна

**3 августалда ДРялъул муфтияталъул мугIрузулаб территориалияб округалда ихтияр бугев вакил Магьди-хIажи ГIабидовас МелъелтIа рузман къоялъ вагIза гьабуна. ВагIза буссараб букIана, исламалъул щуабилеб рукнулъун кколеб, хIеж борхизе унезда тIадаб, л ъазе кколеб, жоялда.**



Хадуб гьес бицана лъималазе обществоялда, рокъоб, къватIахъ, ясли-ахазда, школазда битIараб тарбия кьезе ккеялъул.

Хасго риидалил заманалда, лъим бугел бакIазда, гьел бербалагьи гьечIого тезе бегьунгутIиялъул.

**«Гумбет» РИО**

ОБЪЯВЛЕНИЕ

## Внимание: субсидии на развитие предпринимательства!

### Центр занятости населения в МО «Гумбетовский район» информирует

**Центр занятости населения в МО «Гумбетовский район» извещает о проведении конкурсного отбора юридических лиц, индивидуальных предпринимателей, независимо от их организационно - правовой формы (за исключением государственных (муниципальных учреждений), обратившихся по месту их регистрации в центр занятости населения в муниципальном образовании «Гумбетовский район» или многофункциональный центр предоставления государственных и муниципальных услуг в Республике Дагестан, в целях предоставления им субсидий за счет средств федерального бюджета и средств республиканского бюджета Республики Дагестан на возмещение затрат, связанных с реализацией мероприятия по стимулированию предпринимательской деятельности в целях создания новых рабочих мест.**

Порядок и условия проведения конкурсного отбора юридических лиц, индивидуальных предпринимателей определены приказом Министерства труда и социального развития Республики Дагестан от 9 июня 2018 г. № 07/1-393 «О мерах по реализации постановления Правительства Республики Дагестан от 11 мая 2018 года № 42 «Об утверждении Порядка реализации дополнительных мероприятий в сфере занятости населения, направленных на снижение напряженности на рынке труда Республики Дагестан, на 2018 год» в части стимулирования предпринимательской деятельности в целях создания новых рабочих мест».

Заявление на участие в конкурсном отборе документы принимаются с 14 августа до 28 августа 2018г. включительно.

**(Продолжение - на 4 странице)**

ГРАЖДАНСКОЕ ОБЩЕСТВО

# Обращение руководства объектов магистральных линий электропередач к главам администраций, предприятий, руководителям фермерских хозяйств, руководителям районных земельных комитетов, жителям Гумбетовского района Республики Дагестан

**АО «Дагестанская сетевая компания» доводит до сведения всех администраций, районов, городов, населения, землевладельцев и землепользователей, что во избежание повреждения линий электропередач (ЛЭП), а также во избежание гибели людей и больших материальных потерь при производстве работ техникой или размещении объектов в зоне прохождения ЛЭП и для исключения возникновения аварийных чрезвычайных ситуаций, во исполнение установленных норм «Правил устройства электроустановок (ПУЭ)», Постановления №160 Правительства Российской федерации от 24.02.2009 «О порядке установления охранных зон объектов электросетевого хозяйства и особых условий использования земельных участков, расположенных в границах таких зон» устанавливаются охранные зоны вдоль трасс ЛЭП согласно требованиям ПУЭ п.п. 2.5.217 расстояние по горизонтали от крайних проводов ВЛ при неотклоненном их положении до границ земельных участков и общественных зданий , до детских игровых площадок, площадок отдыха, хозяйственных площадок или до ближайших выступающих частей жилых и общественных зданий, а также до границ приусадебных земельных участков индивидуальных домов и коллективных садовых участков должно быть не менее расстояний для охранных зон ВЛ соответствующих напряжений ( для 35кВ-15м., для 110кВ-20м., для 6-10кВ -Юм., до 1кВ - 2м.) в каждую сторону.**

Согласно требованиям Постановления №160 Правительства Российской федерации от 24.02.2009 в охранных зонах магистральных линий электропередач запрещается:

1. В охранных зонах запрещается осуществлять любые действия, которые могут нарушить безопасную работу объектов электросетевого хозяйства, в том числе привести к их повреждению или уничтожению, и (или) повлечь причинение вреда жизни, здоровью граждан и имуществу физических или юридических лиц, а также повлечь нанесение экологического ущерба и возникновение пожаров, в том числе:

а) набрасывать на провода и опоры воздушных линий электропередачи посторонние предметы, а также подниматься на опоры воздушных линий электропередачи;

б) размещать любые объекты и предметы (материалы) в пределах созданных в соответствии с требованиями нормативно-технических документов проходов и подъездов для доступа к объектам электросетевого хозяйства, а также проводить любые работы и возводить сооружения, которые могут препятствовать доступу к объектам электросетевого хозяйства, без создания необходимых для такого доступа проходов и подъездов;

в) использовать (запускать) любые летательные аппараты, в том числе воздушных змеев, спортивные модели летательных аппаратов;

г) размешать детские и спортивные площадки, стадионы, рынки, торговые точки, полевые станы, загоны для скота, гаражи и стоянки всех видов машин и механизмов, за исключением гаражей-стоянок автомобилей, принадлежащих физическим лицам, проводить любые мероприятия, связанные с большим скоплением людей, не занятых выполнением разрешенных в установленном порядке работ.

2. В пределах охранных зон без письменного решения о согласовании сетевых организаций юридическим и физическим лицам запрещаются:

а) строительство, капитальный ремонт, реконструкция или снос зданий и сооружений;

б) горные, взрывные, мелиоративные работы, в том числе связанные с временным затоплением земель;

в) посадка и вырубка деревьев и кустарников;

г) проезд машин и механизмов, имеющих общую высоту с грузом или без груза от поверхности дороги более 4,5 метра;

д) полив сельскохозяйственных культур в случае, если высота струи воды может составить свыше 3 метров;

е) полевые сельскохозяйсвенные работы с применением сельскохозяйственных машин и оборудования высотой более 4 метров.

Все работы вблизи магистральных линий электропередач должны быть произведены только по письменному разрешению АО«Дагестанская сетевая компания», расположенного по адресу 367000, г. Махачкала, ул. Дахадаева 73 «А», тел. (8722) 68-06-71, факс (8722) 68-06-58.

Убедительно просим принять меры по недопущению и устранению имеющихся нарушений охранных зон магистральных линий электропередач.

**Администрация АО «Дагестанская сетевая компания»**

**Приложение №4**

# Выписка из «Правил установления охранных зон объектов электросетевого хозяйства и особых условий использования земельных участков, расположенных в границах таких зон»

**Согласно требованиям Постановления №160 Правительства Российской федерации от 24.02.2009 в охранных зонах линий электропередач запрещается:**

1. В охранных зонах запрещается осуществлять любые действия, которые могут нарушить безопасную работу объектов электросетевого хозяйства, в том числе привести к их повреждению или уничтожению, и (или) повлечь причинение вреда жизни, здоровью граждан и имуществу физических или юридических лиц, а также повлечь нанесение экологического ущерба и возникновение пожаров, в том числе:

а) набрасывать на провода и опоры воздушных линий электропередачи посторонние предметы, а также подниматься на опоры воздушных линий электропередачи;

б) размещать любые объекты и предметы (материалы) в пределах созданных в соответствии с требованиями нормативно-технических документов проходов и подъездов для доступа к объектам электросетевого хозяйства, а также проводить любые работы и возводить сооружения, которые могут препятствовать доступу к объектам электросетевого хозяйства, без создания необходимых для такого доступа проходов и подъездов;

в) использовать (запускать) любые летательные аппараты, в том числе воздушных змеев, спортивные модели летательных аппаратов;

г) размещать детские и спортивные площадки, стадионы, рынки, торговые точки, полевые станы, загоны для скота, гаражи и стоянки всех видов машин и механизмов, за исключением гаражей-стоянок автомобилей, принадлежащих физическим лицам, проводить любые мероприятия, связанные с большим скоплением людей, не занятых выполнением разрешенных в установленном порядке работ.

2. В пределах охранных зон без письменного решения о согласовании сетевых организаций юридическим и физическим лицам запрещаются:

а) строительство, капитальный ремонт, реконструкция или снос зданий и сооружений;

б) горные, взрывные, мелиоративные работы, в том числе связанные с временным затоплением земель;

в) посадка и вырубка деревьев и кустарников;

г) проезд машин и механизмов, имеющих общую высоту с грузом или без груза от поверхности дороги более 4,5 метра;

д) полив сельскохозяйственных культур в случае, если высота струи воды может составить свыше 3 метров;

е) полевые сельскохозяйственные работы с применением сельскохозяйственных машин и оборудования высотой более 4 метров.

# Внимание: субсидии на развитие предпринимательства!

## Центр занятости населения в МО «Гумбетовский район» информирует

**(Начало - на 3 странице)**

Субсидии предоставляются юридическим лицам и индивидуальным предпринимателям, обратившимся в соответствующие центры занятости населения по месту регистрации, в размере их фактических затрат на осуществление предпринимательской деятельности, в том числе закупку оборудования, создание (оснащение) не менее двух дополнительных рабочих мест для трудоустройства граждан, но не более 200,00 тыс. рублей на одно юридическое лицо или на одного индивидуального предпринимателя (размер средств установлен в соответствии с постановлением Правительства Российской Федерации от 29 декабря 2017 г. № 1685 «О внесении изменений в государственную программу Российской Федерации «Содействие занятости населения»).

За дополнительной информацией обращаться в ГКУ РД ЦЗН в МО «Гумбетовский район» тел: 8 87 272 2-63-69;

директор 8 928 047 19 47;

инспектор по трудоустройству 8 928 249 08 45.

**ЦЗН в МО «Гумбетовский район»**

ЗИГАРАБИ

**«Гумбет» басмаялъул редакциялъ кIудияб пашманлъиялдалъун зигара балеб буго «Дагъистан» журналалъул бетIерав редактор МухIамад БисавгIалиевасда, эбел ГIайшат Аллагьасул къадаралде щвеялда бан.**

**Гьелъие алжан насиблъаги, нахъе ругезе гIумруги кьеги. Амин.**

---

**«Гумбет район» муниципалияб районалъул администрациялъ гъваридаб пашманлъиялдалъул зигара балеб буго ХIажихIма Билаловасда, вацасул яс Разият Аллагьасул къадаралде щвеялда бан.**

**Хваралъе алжан насиблъаги, нахъе ругезе халатаб гIумруги кьеги.**

Бетlерав редактор
ХIамзат МухIамадович ГIизудинов
телефон: 26-254
Газета гIуцIаразул ва редакциялъул адрес: 368930 Гумбет район, МелъелтIа росу, редакция
gumbet_smi@mail.ru

Жавабияй секретарь
Къурмагъиз ХIадисова
Корреспондентал:
ГIайшат Исламбиева,
Хадижат Мазгарова,
Макка МухIамадова
Фотомухбир: Гебек Гебеков

Набор: Марям МухIамадова
Верстка: Рапият Зулумханова
Газета кьабуна «Лотос» типографиялда
Типографиялъул адрес:
МахIачхъала, Петр ТIоцевесесул къватI, 61

Газета къватIибе бачIунаан «Гумбеталъул колхозчи», «Вождасул васиятал», «Бакълъулазул нур» абурал цIаразда гъоркь
Учредитель:
РМБУ «Рио -Гумбет»

Индекс: 51351
Тираж - 1097
Газета къватIибе биччазе гъулбасана,
графикалда рекъон: 16 с. 00,
хIакъикъаталда : 16 с. 00
Заказ №____

Газета зарегистрирована в Управлении Федеральной службы по надзору в сфере связи, информационных технологий и массовых коммуникаций по Республике Дагестан от 24 января 2012 года. Серия ПИ № ТУ5-0144

Редакциялъул пикру кидаго гуро газеталда рахъарал макъалабазул авторазул пикругун данде кколеб. Макъалабазда рихьизарурал хIужабазул, цIаразул, тарихазул ва цогидалги баяназул жаваб кьола гьезул автораз. Гьединал макъалаби газеталда рахъула, гьезие халкъалъ къимат кьезелъун.